

# PWOGRAM NASYONAL ASIRANS INONDASYON

## Kijan Pou Kòmanse yon Reklamasyon Asirans Inondasyon

Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP, akwonim an Angle) angaje pou ede moun ki gen kontra asirans yo refè apre evènman inondasyon yo. Aprann kijan pou kòmanse yon reklamasyon kont kontra asirans inondasyon ou avèk gid etap pa etap sa a.

ETAP  
**1**

### KÒMANSE REKLAMASYON W LA

Lè pwopriyete w la inonde, rapòte pèt la bay konpayi asirans inondasyon w la pi vit posib. Yo pral bay yon ajistè asirans pou gide w atravè pwosesis reklamasyon an, ki gen ladann yon enspeksyon pwopriyete an pèsòn oswa adistans (lè sa apwopriye) nan kèk jou.

Si w bezwen èd pou jwenn konpayi asirans ou a, kontakte sant FEMA Mapping and Insurance eXchange (FMIX, akwonim an Angle) nan **877-336-2627**.



### Eske'w te Konnen?

Pandan yon gwo evènman inondasyon, FEMA pèmèt peman davans sou reklamasyon asirans inondasyon anvan vizit yon ajistè. **Konpayi asirans yo ka ofri jiska \$5,000 san vizit yon ajistè, dokiman ofisyèl oswa otorizasyon FEMA. Avèk otorizasyon FEMA ak dokiman apwopriye, konpayi asirans ou an ka ofri jiska \$20,000.** Peman sa yo dedwi nan peman reklamasyon final la epi yo ta dwe diskite ak konpayi asirans ou an.

ETAP  
**2**

### DOKIMANTE PÈT OU A

Retounen lakay ou lè li an sekirite. Pran foto referans ak/oswa vidéyo sou pwopriyete w la ki andomaje nan inondasyon an ak atik pèsonèl ou, tankou tiyo dlo andedan ak deyò estrikti a. Dokimante mak, modèl ak nimewo seri aparèy yo ak elektwonik yo pou pataje ak ajistè w la.

ETAP  
**3**

### KÒMANSE NETWAYAJ

Kenbe echantyon atik ki andomaje nan inondasyon yo (tapi oswa lòt planche, rido, elatriye) pou montre ajistè w la. Apre w fin pran foto oswa vidéyo atik ki andomaje nan inondasyon yo, jete sa ki reprezante yon menas pou sante.

Fè tout sa ou kapab pou anpeche kwasans ak mwazisi gaye, ki pa kouvri anba yon kontra NFIP. Aprann plis sou mwazisi nan [epa.gov/mold](#) (Sèlman an Angle).

*Kontinye nan pwochen paj la >*

**ETAP  
4**

## RANKONTRE AK AJISTÈ W LA

Lè w rankontre ajans asirans inondasyon w la, mande pou w wè kat Nimewo Kontwòl Inondasyon yo (FCN, akwonim an Anglè). Kat FCN a pral gen yon dat aktif pou ane tanpèt aktyèl la ak yon foto ID. Ajistè a pral reponn kesyon ou yo epi prepare yon estimasyon domaj pou revizyon ou. Asire w ou verifye li ak anpil atansyon pou asire ke li egzat ak konplè.



### Sekirite an Premye

Pwoteje tèt ou kont fwod! **Yon ajistè asirans pa janm mande lajan, kolekte franchiz ou oswa chaje yon frè pou sèvis yo.** Aprann plis sou fwod posib nan ti liv Rekipere Finansyèman Apre yon Inondasyon: nan [agents.floodsmart.gov/financial-recovery-flooding](https://agents.floodsmart.gov/financial-recovery-flooding) (Sèlman an Anglè).

**ETAP  
5**

## RESEVWA PEMAN

Montan peman reklamasyon w lan pral baze sou kouvèti asirans ou an ak dokiman sipò w bay moun k ap fè ajisteman w la. **Ou responsab pou soumèt dokiman ki nesesè yo epi respekte dat limit FEMA ki gen rapò ak reklamasyon NFIP ou a.** Si w gen yon ipotèk, yo pral ekri chèk reklamasyon w lan ba ou menm ak konpayi ipotèk a.

Si w gen kesyon oswa lòt domaj pou rapòte, kontakte depatman reklamasyon konpayi asirans inondasyon w la. Yo pral konekte ou ak yon egzaminatè reklamasyon pou diskite sou kantite diskisyon oswa pwoblèm pwoteksyon. Pou fè apèl kont reklamasyon w la, swiv pwosesis kontestasyon FEMA a pou moun ki gen asirans NFIP. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kontestasyon reklamasyon asirans inondasyon w la, vizite [agents.floodsmart.gov/appealing-claim-fact-sheet-haitian-creole](https://agents.floodsmart.gov/appealing-claim-fact-sheet-haitian-creole).



### Konnen opsyon ou yo

Moun ki gen kontra asirans inondasyon kapab aplike tou pou asistans federal pou katastwòf si yo bay yon deklarasyon prezidansyèl pou katastwòf. Ou dwe soumèt yon reklamasyon asirans inondasyon anvan FEMA kapab revize ki domaj elijib ki rete apre kouvèti asirans lan. Kontakte FEMA Disaster Assistance nan **800-621-3362 (800-462-7585 TTY)** oswa aplike sou Entènèt nan [disasterassistance.gov/help-desk/haitian-creole](https://disasterassistance.gov/help-desk/haitian-creole).



**FEMA**



Pou plis enfòmasyon sou reklamasyon ak kouvèti asirans yo, revize Gid Reklamasyon NFIP a nan [agents.floodsmart.gov/claims-handbook](https://agents.floodsmart.gov/claims-handbook) (Sèlman an Anglè) oswa Rezime NFIP Kouvèti a nan [agents.floodsmart.gov/nfib-summary-of-coverage](https://agents.floodsmart.gov/nfib-summary-of-coverage) (Sèlman an Anglè).

Pou plis enfòmasyon sou asirans inondasyon, vizite [floodsmart.gov](https://floodsmart.gov) (Sèlman an Anglè). Pou jwenn yon founisè asirans pou inondasyon, sèvi ak zouti nou an sou entènèt nan [floodsmart.gov/find](https://floodsmart.gov/find) (Sèlman an Anglè) oswa rele **800-621-3362**.

Septanm 2023

NFIP How To Start a Flood Insurance Claim Flyer – Haitian Creole, September 2023